



GLOBAL AIDS PARTNERSHIP

SA OU DWE KONNEN !

VIH/SIDA

Seyans fòmasyon
avèk sipò vizyèl

1. Plis sa nou dwe konnen sou VIH/SIDA

Jèm ki bay maladi SIDA gaye kò li nan tout peyi ki sou latè. Anpil milyon moun ap viv ak jèm sa nan kò yo. Anpil milyon moun deja mouri nan SIDA.

Lè moun yo konnen jèm SIDA a (VIH) kapab transmèt de yon moun ak lòt moun, sa fè yo kapab fè atansyon pou pa kite jèm sa antre nan kò yo. Lè moun yo konprann kòman jèm SIDA kapab transmèt, yo pa pè kole kò yo ak moun ki gen SIDA.



2. Kisa VIH la ye? Kisa SIDA a ye?

VIH se viris imminodefisyans imèn (VIH) se yon mikwòb tou piti ki bay maladi ke yo rele Sendwom imminodefisyans akiz (SIDA). Jèm nan (VIH) li pwopaje de yon moun ak yon lòt moun, se lè gen kontak likid ki gen jèm SIDA a nan kò moun sa yo.

Jèm ki bay maladi SIDA a (VIH) li viv e li miltipliye nan kò yon moun pandan plizyè lane avan maladi a devlope. Pandan jèm nan ap miltipliye nan kò moun nan, moun sa ka parèt tankou yon moun ki pa malad. Men pandan tan sa li ka simaye jèm nan bay yon lòt moun.

V: Virus

S: Sendwom

I: Imminodfefisyans

I: Immino

H: (Imen) Humain

D: Defisyans

A Akiz

V: Viris

I: Imminodefisyans

H: Imen (Humain)

S: Sendwom




I: Immino

D: Defisyans

A: Akiz

3. Kisa ki pase nan kò w?

- a) Mikwòb yo se yon pakèt òganis tou piti ki viv andeyò kò moun. Si ti òganis sa yo (kise mikwòb) rive antre nan kò yon moun, moun sa ap malad. Bondye fè tou, selil yo k'ap defann kò a (selil defansiv yo) yo kapab konbat anpil nan mikwòb ki antre nan kò. Lè selil k'ap defann kò a lite kont mikwòb yo, moun ki malad la vin geri.**
- b) Men mikwòb ki bay SIDA a (VIH) pa menm jan avèk tout lòt mikwòb yo. Li touye tout selil ki konn defann kò a kont mikwòb ki anvayi li. Mikwòb SIDA ap pran anpil lane avan li fin touye tout selil k'ap defann kò a.**
- c) Lè Jèm ki bay maladi SIDA a (VIH) fin touye tout selil ki konn defann kò a, kò a pa fè rezistans ankò kont tout lòt mikwòb k'ap anvayi li yo. Lè mikwòb sa yo fin antre nan kò a , moun nan kòmanse malad. Moun kòmanse devlope yon maladi ki rele SIDA. Gen medikaman ki ka fè moun ki gen maladi SIDA a viv yon ti kras pi lontan men li pa geri maladi SIDA nèt.**



4.1 Kòman viris SIDA (VIH) pwopaje?

Jèm (VIH) la pwopaje atravè twa likid sa yo ki nan Kò moun :

- 1. Likid seksyèl.**
- 2. San moun.**
- 3. Lèt manman.**

Sèlman gen twa fason yon moun ka pran nan SIDA.

- 1. Ou kapab pran sida lè ou ap fè sèks.**
- 2. Ou kapab pran sida nan san.**
- 3. Yon manman ki gen sida kapab bay pitit li sida tou.**

4.1 Kòman viris SIDA (VIH) pwopaje?

**Jèm (VIH) la pwopaje
atravè twa likid sa yo
ki nan kò moun :**

- 1. Likid seksyèl.**
- 2. San moun.**
- 3. Lèt manman.**



**4.2 Ou pran SIDA nan fè sèks:
Se lè likid seksyèl yo rankontre
ansanm. Spèmatozoyid ki se likid
gason an avèk likid vajinal pa fi a.**

**Kèlkeswa jan ou fè sèks depi gen youn nan
moun yo ki gen jèm nan nan san li, savledi
moun nan sewopozitif, li ka bay lòt moun nan
jèm sa.**




4.3 Ou pran SIDA lè y'ap fè transmisyon sangin, si san sa yo kontamin, sa vle di youn nan san sa yo gen jèm nan.

- **Tout zouti ou byen enstriman ki ka blese moun (enstriman medikal tankou sereng..., enstriman pou rache dan, kouto, jilèt...) Lè enstriman sa yo te deja blese yon moun ki gen jèm SIDA a nan san li, si yo pa lave enstriman sa yo byen lave avan yon lòt moun al sèvi avèk yo. Moun ka toujou pran jèm sida nan zouti sa yo.**
- **Lè ou pran piki ak yon sereng ki te deja pike yon moun gen jèm sida a, ou kapab vin gen jèm SIDA nan san w' tou.**
- **Lè ou ap pran san, si san sa se yon san ki gen jèm sida a ladann, ou ap pran nan SIDA tou.**



4.4 Kòman yon manman kapab bay pitit li jèm sida a, lè l'ap akouche ak lè l'ap bay pitit la tete.

- **Yon fi ki sewopozitif sètadi li gen jèm SIDA a nan san l', li ka bay tibebe a maladi a pandan li nan vant oubyen lè li ap akouche.**
- **Yon fi ki gen (VIH) ki se yon nouris li kapab bay tibebe jèm maladi nan lèt li.**



5. Kòman yon moun pa kapab pran SIDA?

Ou pa kapab pran SIDA nan krache, dlo je, pipi... Ou pa ka pran SIDA nan aktivite nou pral site la yo :

- Si ou bay yon moun ki gen SIDA lamèn, ou bay akolad avè l' ou kole kò w avè l' sa pap fè ou pran SIDA poutèt sa.**
- Si ou bo yon moun ki gen sida nan figi, ou pa pran SIDA pou sa.**
- Si ou sèvi ak menm vèsò sou tab avèk yon moun ki gen SIDA, ou pap pran nan SIDA pou sa.**
- Si ou ap vwayaje nan menm machin ak yon moun ki gen SIDA, ou pap pran nan SIDA pou sa.**
- Si yon mayengwen oubyen yon lòt moustik pike w', ou pap gen SIDA pou sa.**
- Si ou ap sèvi nan menm twalèt ak yon moun ki gen SIDA, ou pap pran nan SIDA pou sa.**



6. Men kèk bagay moun panse de SIDA men ki pa vre.

Sa nou pral site la pa vre:


- **Yon moun ki gen sida ap toujou sanble ak yon moun malad.**
- **SIDA kapab geri lè ou fè sèks ak yon tibebe, oubyen yon jenn timoun, ou yon fi ki vyèj.**
- **Zèb natirèl kapab geri SIDA.**
- **Kapòt bay pwoteksyon 100 % pou anpeche moun pran nan jèm SIDA.**

Tout sa nou sòt site la yo pa vre, se manti yo ye !



7.1 Siy ak sentòm SIDA.

Sa pran anpil lane avan viris SIDA a fin touye tout sistèm ki la pou defann kò yon moun. Yon moun ki gen jèm SIDA a nan san li pa gen okenn siy ki montre sa, e li pap menm panes ak sa. Men, menmsi yon moun ki gen jèm nan nan san li parèt tankou yon moun ki pa malad, li ka simaye jèm nan bay lòt moun.






7.2 Siy ak Sentòm SIDA.

Aprè kèk lane moun ki gen jèm sida a nan san li ap kòmanse kèk siy ki fè li santi sistèm defans li yo vin fèb. Men kèk siy ou plis ka jwennn :

- Dyare plis pase yon mwa.u**
- Lafyèv plis pase yon mwa.**
- Tous ak kèk siy tibèkilo.**
- Fòs moun nan ap bese anpil.**

Siy sa yo nou sot site la yo konn siy lòt maladi tou san se pa SIDA. Pou ou ka konnen si se SIDA, fòk ou ale fè tès SIDA.




8. Tès depistaj jèm SIDA a VIH.

Gen yon sèl fason ou kapab konnen avèk sètitud ke yon moun gen jèm SIDA a nan san l'. Moun nan dwe ale nan yon sant depistaj VIH, oubyen ale nan yon laboratwa, oswa nan yon klinik oubyen yon lopital.

Aprè yo fin eksplike moun nan kisa tès SIDA a ye, si li dakò, teknisyen laboratwa a ap pike moun nan, li ap pran san pou l' egzamine. Si yo itilize «tès rapid » ou ap jwenn rezilta nan 20 minit.

Si lè yo fin fè tès la, si yo jwenn jèm SIDA nan san l', lè sa moun nan se yon « sewopozitif. »



9. Tretman maladi SIDA a.

Pa gen okenn medikaman ak vaksen ki ka anpeche moun pran maladi SIDA. Pa gen okenn medikaman ki geri sida a pou toutan.

Sepandan, yo trete jèm nan avèk medikaman antiretroviro ki kapab pwolonje lavi moun ki gen jèm sa nan san yo pou kèk lane.

Enplis, medikaman an redwi risk pou yon fanm ansent bay tibebe l'ap pote a jèm nan. Tout moun ki konnen yo gen jèm sida a nan san yo, se pou yo chache konnen si gen medikaman sa nan zòn kote y'ap viv la. Yo ka fè yo pa peye chè pou sa e yo ka menm jwenn li gratis.


Kèk medikaman tout moun konnen, tankou antibyotik yo, yo kapab trete sentòm SIDA. Lè ou manje byen sa ede ou viv ansante pou plis tan e pi pwòp.



10.1 Pa fè sèks avan maryaj pou ou ka elimine tout risk pou pran nan maladi seksyel yo.

Pa fè sèks avan maryaj, savledi yon moun dwe tann jis lè li marye pou li antre nan relasyon seksyel. Si yon gason pa janm fè sèks avan li marye e li marye ak yon fi ki pa janm fè sèks tou avan sa, pa gen risk pou yo pran nan SIDA, oubyen pou youn ta enfekte lòt avèk jèm nan.

Si youn nan yo te deja gen rapò seksyel, oubyen li gen risk ke li enfekte, li dwe fè tès SIDA a.



10.2 Elimine tout risk maladi seksyel yo pandan nou marye lè nou rete fidèl youn ak lòt.


Sèlman se ak madanm ou oubyen ak mari w'ou dwe fè sèks. Nou tou de ap gen pwoteksyon kont jèm VIH la. Mari ak madanm dwe fidèl youn ak lòt toutan. Si youn nan yo ta ale fè sèks ak yon lòt moun, li ka enfekte ak jèm SIDA a, li dwe ale fè tès pou wè si li pa gen jèm nan.



10.3 Kapòt diminye risk pou simaye jèm SIDA a (VIH).

Moun ki gen anpil konesans nan zafè lasante yo tout dakò pou di kapòt an latèks se youn nan mwayen efikas pou moun evite pran jèm SIDA a. Moun dwe pran anpil prekosyon ak kapòt yo. Pou chak fwa ou ap fè sèks ou dwe chanje kapòt, sa ap bay anpil pwoteksyon men se pa a san pou san l'ap pwoteje w'.

Ou dwe chanje kapòt chak fwa ou ale nan fè sèks—ou ale nan fè bagay—Sa ap bay anpil pwoteksyon, men se pa a san pou san l'ap pwoteje w'.



10.4 Prekosyon pou pran nan transfizyon sangin.

- **Pa kite yo pike w' oubyen blese avèk yon enstriman ke yo te déjà sèvi avè l', san yo pa byen lave l' e esterilize l' avan yo sèvi avè l' ankò.**
- **Pa sèvi avèk yon zegwi oswa yon sereng kite sèvi déjà e ki pa byen esterilize.**
- **Pa aksepte yon san ki pa teste (egzamine san sa pou wè si li pa jèm VIH la .)**



10.5 Prekosyon pou pran nan tranmisyon manman ak tibebe.

Lè fi yo ansent e yo gen jèm SIDA a nan san yo (VIH), yo ka bay tibebe a jèm nan:

- Pandan yo ansent la.**
- Oswa oandan y'ap akouche.**
- Oswa pandan y'ap bay pitit la tete.**

Pou anpeche yon tibebe pran jèm SIDA a, yon fi ki konnen li gen jèm SIDA a nan san li dwe pran anpil prekosyon pou li pa ansent.



11. Jèm SIDA e ansent.

Si yon manman konnen li ansent e li gen jèm SIDA, li dwe chache enfòmasyon pou konnen ki kote e kòman li ka jwenn medikaman antiretwoviwo pou redwi risk pou transmèt jèm nan bay tibebe a.

Si yon manman sewopozitif, sètadi li gen jèm SIDA a nan san li, li ta pi bon pou yo itilize yon lòt fason pou nourri tibebe a san manman an pa bay pitit la tete.



12. Gen bòn nouvèl.

SIDA a se yon maladi ki pa bay moun gwo espwa. Men gen yon bòn nouvèl !

Yon moun ki gen jèm SIDA a kapab viv anpil lane si li byen pran swen tèt. Lè yon moun konprann kisa enfeksyon SIDA a ye, li konnen ke li kapab viv ansekirite avèk moun li renmen an ki gen jèm SIDA a.

Gen espwa pou jwenn èd espartyèl pa mwayen Jezi-Kri ki kapab ede w' pran bon desizyon konsènan lavi seksyèl ou.

**Si gen bagay nan lavi ou ki pa fè Bondye plèzi, ou kapab jwenn padon pa mwayen Jezi-Kri. Pawòl Bondye di ke nou tout fè peche. Men tou : « si nou konfese peche nou, Li fidèl e li jis pou padone nou e pirifye nou de tout peche nou fè. »
1 Jean 1 : 9**

Mande Bondye pou li padone peche nou yo pa mwayen Jezi-Kri. Li va ede nou viv yon jan ki fè l' plèzi. Konsa, lè lavi sou tè sa va fini, ou pral viv pou toutan nan syèl la ak Bondye.



Global AIDS Partnership
1445 N. Boonville Ave.
Springfield, Missouri, USA
Phone: 417-862-1447 Ex. 2080
Email: info@globalaidspartnership.org
Web site: www.globalaidspartnership.org